

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa salasihiji aspék penting dina kahirupan masarakat. Hiji mahluk moal bisa ngalakukeun komunikasi jeung mahluk séjénna saupama euweuh basa, kitu ogé manusa. Sagala rupa émosi manusa kayaning ébréhan rasa, pikiran, tur kahayang ti saurang panyatur moal bisa katepikeun tanpa ayana basa.

Basa ngagambarkeun kahirupan kabudayaan masarakat nu makéna. Basa mangrupa unsur budaya, gambaran budaya, tur alat pikeun mekarkeun budaya. Basa Sunda nu dianggap salaku basa indung keur kalolobaan masarakat Jawa Barat mangrupa alat pikeun mekarkeun budaya Sunda. Ku kituna, teu anéh lamun aya nu nyebutkeun yén basa téh cicirén bangsa.

Basa téh ngawengku dua lapisan, nyaéta lapisan wangun jeung lapisan eusi. Lapisan wangun ngawengku dua tahapan, nyaéta wangun gramatik jeung wangun eusi (ma'na). Wangun gramatik dipaluruh ku tata basa nu ngawengku (1) sintaksis nu maluruh adegan wacana, kalimah, klausa, jeung frasa ; (2) morfologi anu maluruh adegan morfem jeung kecap ; jeung (3) fonologi anu maluruh wangun fonologi. Sedengkeun lapisan eusi mangrupa harti atawa ma'na (Sudaryat, 1991 : 5).

Dina ieu panalungtikan, analisis leuwih nekenkeun kana salasihiji widang garapan sintaksis nyaéta klausa. Klausa nyaéta kontruksi gramatik anu prédikatif (ngandung tatali jejer jeung caritaan) tur ngeusian leunjeuran kalimah, dibarengan

atawa henteu ku udagan, panglengkep, jeung katerangan, unsur intina anu mangrupa jejer bisa dileungitkeun kalawan henteu ngarobah harti sagemblengna (Prawirasumantri, 2000 : 98).

Aya sababaraha widang ulikan klausa. Nurutkeun distribusi unitna, aya klausa bébas jeung klausa kauger. Nurutkeun katégori atawa frasa caritaanana, klausa dibagi dua nyaéta klausa pagawéan jeung klausa tanpagawéan. Patali aktor jeung aksina klausa kabagi jadi klausa migawé, klausa dipigawé, klausa migawé manéh, jeung klausa silihbales. Nurutkeun pungsina dina klausa séjén, aya klausa barang, klausa sifat, jeung klausa katerangan. Dumasar kana statusna dina kalimah, aya klausa lulugu jeung klausa sélér. Nurutkeun aya euweuhna kecap pamungkir dina caritaanana, aya nu disebut klausa pangluyu jeung klausa pamungkir. Dumasar hartina atawa maksudna kabagi jadi klausa wawaran, klausa pananya, klausa panitah, klausa panganteb, jeung klausa bituna rasa. Pamungkas nurutkeun struktur internalna, aya klausa sampurna jeung klausa tansampurna.

Tina pedaran di luhur bisa katitén yén klausa ogé kabagi jadi sababaraha bagian dumasar kana rupa-rupa patokan (dasar, kritéria). Klausa pagawéan mangrupa dasar pikeun ngayakeun ieu panalungtikan anu objékna nyaéta novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono. Klausa pagawéan nyaéta klausa bébas anu caritaanana atawa prédikatna mangrupa kecap atawa frasa pagawéan (Prawirasumantri, 2000: 112). Klausa pagawéan bisa dipasing-pasing jadi sababaraha rupa. Nurutkeun patali aktor jeung aksina atawa patali anu ngalakukeun (panglaku) jeung pagawéan, klausa pagawéan kabagi jadi: (1) klausa pagawéan migawé (aktif); (2) klausa pagawéan dipigawé (positif); (3) klausa

pagawéan migawé manéh (médiál, réfléksif); jeung (4) klausa pagawéan silih bales (résiprokal). Nurutkeun aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkir dina caritaanana, klausa kabagi jadi: (1) klausa pagawéan pamungkir (négatif); jeung (2) klausa pagawéan pangluyu (positif, afirmatif). Aya ogé papasingan klausa dumasar kana wangunna atawa unsur internalna. Nurutkeun ieu patokan klausa kabagi jadi: (1) klausa lengkep (sampurna), jeung (2) klausa teu lengkep (teu sampurna).

Kungsi aya sababaraha panalungtikan dina wangun skripsi, nyaéta: Analisis Klausa Bébas dina Naskah Warta Berita Daérah RRI Bandung (Ade Sutisna, 1999); Analisis Kasalahan Sintaksis dina Karangan Arguméntasi Mahasiswa Tingkat Ahir Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah Taun Ajar 1999/2000 (Cucu Hayati, 2001).

Aya ogé ulikan katatabasaan Sunda tur ngajenggléng jadi buku pangdeudeul pangajaran, di antarana: *Sistem Harti Klausa* (Dadang, 1988); *Morfologi dan Sintaksis Bahasa Sunda* (Sutawijaya, Spk, 1979); *Tata Basa Sunda* (Coolma, 1985); *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1991); jeung *Sintaksis Basa Sunda* (Prawirasumatri, 1992).

Aya bédana antara ieu panalungtikan jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna. Tina enas-enasna mah kabéhanana mangrupa panalungtikan basa, ngan dina ieu panalungtikan leuwih nekenkeun kana bagian basa nyaéta sintaksis mangrupa klausa pagawéan nu aya dina karya sastra nyaéta novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

Dina kahirupan sapopoé, masih kénéh aya kasalahan makéna frasa jeung klausa ti panyaturna, sabab di antara wangun ieu ku sapaliwat mah ampir sarua. Tapi, nurutkeun élmu basa mah dua wangun ieu téh kacida bédana. Frasa mah unsur pangwangunna teu prédikatif hartina teu ngandung patali harti antar unsur-unsurna, sedengken klausa unsur pangwangunna prédikatif hartina ngandung patali jejer jeung caritaan.

Alesan séjén pangna ieu panalungtikan perlu pikeun dilaksanakeun sabab masih kénéh aya kasalahan dina nangtukeun klausa pagawéan, upamana ditilik tina patali aktor jeung aksina, aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkir dina caritaanana, jeung wangunna atawa unsur internalna.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan ngan saukur medar klausa pagawéan disawang tina patali aktor jeung aksina, aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkir dina caritaanana, jeung wangun atawa unsur internal nu aya dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

1.2.2. Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang jeung watesan masalah, masalah dina ieu panalungtikan disusun dina wangun pananya ieu di handap.

- a). Klausa pagawéan naon waé anu aya dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono?

- b). Klausula pagawéan naon waé dina éta novel dumasar kana patali aktor jeung aksina?
- c). Klausula pagawéan naon waé dina éta novel dumasar kana aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkirna?
- d). Klausula pagawéan naon waé dina éta novel dumasar kana wangunna atawa unsur internalna?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun.

- a). Jumlah klausula pagawéan dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.
- b). Klausula pagawéan dumasar kana patali aktor jeung aksina dina novel *Jaro Bantaha.*,
- c). Klausula pagawéan dumasar kana aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkir dina novel *Jaro Bantahan.*
- d). Klausula pagawéan dumasar kana wangunna atawa unsur internalna dina novel *Jaro Bantahan.*

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Aya sababaraha mangpaat dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a). Téoritis: ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna ngeunaan klausa pagawéan ditilik tina patali aktor jeung aksi, aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkir, jeung wangunna atawa unsur internalna;
- b). Praktis: bisa ngarti atawa paham kana sajumlahing klausa pagawéan nepi ka lumangsung komunikasi kalawan komunikatif.

1.4. Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan ngabogaan anggapan dasar saperti di handap.

- a). Basa Sunda mibanda kabeungharan boh dina ragam basa lisan atawa tulisan.
- b). Klausa kaasup kana ulikan basa dina tataran sintaksis.
- c). Dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono kapanggih klausa pagawéan anu bisa dianalisis tina patali aktor jeung aksina, aya euweuhna unsur négatif atawa pamungkir, jeung dumasar kana wangunna atawa unsur internalna.

1.5. Raraga Téori

Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan dumasar kana sababaraha acuan, di antarana waé: *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1991); *Sintaksis Basa Sunda* (Prawirasumantri, 2000); *Sintaksis* (Ramlan, 2001); *Pengajaran Sintaksis* (Henry Guntur Tarigan, 1984).

1.6. Metode jeung Téhnik Panalungtikan

1.6.1. Metode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode déskriptif. Métode ieu dipaké pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, analisis jeung nafsirkeun data.

Dumasar kana metode anu digunakeun, ieu panalungtikan téh dimimitian ku ngumpulkeun data, tuluy nyusun papasingan, nganalisis jeung nafsirkeun data ngeunaan klausa pagawéan nu aya dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

1.6.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi atawa analisis téks. Téhnik dokuméntasi nyaéta téhnik panalungtikan nu datana tinulis, nyaéta buku novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

1.7. Sumber Data

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono sedengkeun nu jadi data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh klausa pagawéan nu aya dina novel *Jaro Bantahan* karangan Tatang Sumarsono.

